# Dóretiwshiniń miyneti múnásip bahalandı

Elimizde hár jılı hayal-qızlar bayramı keń túrde belgilenedi. Bayram múnásibeti menen Ózbekstan Respublikası Jazıwshılar awqamınıń aǵzası, shayır Gúlistan Dawletova «Dwstlik» ordeni menen sıylıqlandı.



Shayır G.Dáwletovanı erisken tabısı hám bayram menen qutlıqlap, onıń bayram quwanıshları menen ortaqlastıq.

– Eń aldı menen elimizge xızmet etip atırǵanıma, qalaberse, azǵana miynetimdi joqarı bahalaǵanı ushın sheksiz quwanıshtaman. Prezidentimiz óz qolları menen kókiregimizge orden taǵar eken, baxıt sezimin jáne bir márte tereń ańladım. Bul bolsa, xalqımızǵa ele de pidayı xızmet etiwge ruwxlandıradı, – deydi G.Dáwletova. – Búgin barlıq qaraqalpaqstanlı analar, hayal-qızlar Elbasshımızdan minnetdar, dep isenim menen ayta alaman. Qaraqalpaqstanǵa qaratılıp atırǵan joqarı itibar hám ǵamxorlıq, ásirese, Moynaq rayonında, Aralboyında ámelge asırılıp atırǵan iygilikli isler, mine, usı minnetdarshılıqqa tiykar bolmaqta. Ádebiyatqa, poeziyaǵa shın kewilden jaqın bolǵanım ushın bul tarawda jaratılıp atırǵan imkaniyatlar, qolaylıqlar meni quwandıradı. Dóretiwshi

xalıqtıń jazǵan shıǵarmaları, kitapları jas áwladtıń tálim-tárbiyasına múnásip úles bolıp qosılsa, bunnan artıq baxıt joq. Hár tárepleme bárkamal áwlad elimizdiń keleshegi, Prezidentimizdiń alıp barıp atırǵan jumıslarınıń dawamshıları dep bilemen.

Maǵlıwmat ushın, G.Dáwletova 1959-jılı SHımbay rayonınıń SHaxaman awılında tuwılǵan. Onıń tuńǵısh qosıqları «Ámiwdárya» jurnalında, respublikalıq hám rayonlıq gazetalarda jarıq kórdi. Onıń «Ájiniyaz poeziyasında dástúr hám jańashıllıq» (1997-jıl) monografiyası menen «Ájiniyaz poeziyasında ruwxıy dárekler» (1998-jıl), «Ruwxıylıq-ádebiyat ólshemi» (1998-jıl), «Insan tárbiyası balalıqtan baslanadı» (1999-jıl) atamasındaǵı kitapshaları hám «Seniń dártiń menen jasayman, hayal» (2001-jıl), «Ayol ishqi» (2001-jıl), «Qız taxtım» (2009-jıl) qosıqlar toplamı basılıp shıǵıp, kitapqumarlar tárepinen súyip oqılmaqta.

G.Dáwletova 2006–jıldan Qaraqalpaqstan Respublikası Jazıwshılar awqamınıń aǵzası.

T.SEYTNAZAROVA,

Qaraqalpaqstan xabar agentliginiń xabarshısı